



Pou Piblikasyon Imedya: 25/10/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ CUOMO, BARRY DILLER, KI SE YON MANM  
FONDATE CITY CLUB AK KONSEYE RICHARD EMERY AK  
DOUGLAS DURST SOU PIER 55 LA**

***Deklarasyon Gouvènè Andrew M. Cuomo:***

“Pak Rivyè Hudson lan sou Zòn Lwès (West Side) Manhattan lan, se youn nan gran pwojè devlopman nan epòk n ap viv la. Li ranvèse plizyè ane regresyon iben, l ap pwoteje anbouchi a, epi ouvri rivyè mayifik Hudson lan pou Zòn Lwès (West Side) New York la.

Gouvènè Mario Cuomo ak Majistra David Dinkins te premye entwodwi konsepsyon sa a an 1992. An Jen 1998, lejislati Eta New York la te pwomilge Lwa Pak Rivyè Hudson lan (Hudson River Park Act). Anpli pwogrè te fèt pou fini vizyon pou kouvri tout longè uit kilomèt Pak la konplètman. Entansyon orijinal la te pou fini Pak la avan 2003.

Mesye Barry Diller te pwopoze pou konstwi yon pak kote achitekti l ap gen siyifikasyon konsiderab sou Pier 55 lan ke fondasyon fanmi Diller a t ap finanse. Yo te pouswiv plan an pandan plis pase sizan epi yo te pwomèt lap yon adisyon espektakilè sou bò rivaj dlo a. Malerezman, te gen anpil pouswit lajistis ki te anpeche pwojè a vanse epi yo te anonse resaman yo ap anile plan yo te gen pou pwojè a yo. Mwen konsidere sa kòm yon opòtinite pèdi pou tout Nouyòkè yo.

Mwen te pale ak pati konsène nan pwosè kont Pier 55 la yo epi mwen te fè yo konnen mwen kwè efò koperatif pou nou fini Pak la pi konstriktif pase pouswit lajistis ak enpas. Mwen kwè tout pati konsène yo gen yon pi gran objektif ak dezi pou Pak la fini, epi yo ka fini l, nan yon avni pwòch. Mwen espere si pèp Eta New York la ban m yon lòt manda ankò, n ap ka fini Pak la nan lespas tan sa a. Mwen te fè yo konnen mwen kwè opozisyon kont Pier 55 la te afekte pwodiktivite pwojè a an fendkont, epi mwen ta renmen wè yon efò pozitif, konstriktif pami tout pati konsène yo pandan n ap vanse alavni.

Nou te fè yon konvèsasyon pwodiktif epi nou te dakò City Club ap mete fen nan kontestasyon jiridik yo te kòmanse a, pwojè Pier 55 lan pral kontinye vanse, epi nou pral travay an kooperasyon pou nou fini vizyon Pak la konplètman.

Lè mwen konsidere chanjman nan sikonstans yo, mwen te mande Mesye Diller pou l konsidere kontinye pwojè Pier 55 la paske konsepsyon li an ka vin yon eritaj enpòtan ak dirab. Mwen konnen Mesye Diller te gen entansyon pou l kreye yon espas ki pou benefisyè jenerasyon k ap vini an yo. Mwen aplodi benevola ak motif li yo epi mwen kwè li toujou posib pou li reyalize rev la”.

***Deklarasyon Barry Diller, ki se Prezidan ak Kad Siperyè, IAC a:***

“Nan mwa ki sot pase a, mwen tèlman te resevwa anpil demann pèsistan nan men anpil moun, yo tout te gen menm santiman: Yo tout fè m konnen espwa yo gen pou nou pa abandone epi pou nou jwenn yon lòt fason pito pou nou vanse ak konstriksyon Pier 55 lan. Lèt, apèl, imèl, tèks - epi jis pandan m ap mache nan lari New York - mwen jwenn yon bann moun k ap di m nan ki pwen yo ap atann pou yo gen nouvo Pier sa a, ak kijan se malere sikonstans sa yo te lakoz yo anile l. Sa te gen anpil efè sou mwen ak fanmi m. Tèlman gen anpil moun ki te travay di pandan sizan sa yo pou kreye konsepsyon ak plan pou Pier la yo. Nan semèn ki sot pase la yo, mwen te kòmanse panse nou pa ta dwe ba l vag, epi mwen t ap eseye mete desepsyon ak difikilte ane ki sot pase la yo akote.

Gouvènè a te enfòme m City Club pap pouswiv pwosè li a si m kontinye vanse pwojè a, sa se yon faktè enpòtan epi se yon bon nouvèl.

Alò, mwen pral eseye reyanime plan pou konstwi Pak la yon dènye fwa ankò, pou benefisyè efò nou an yo gen entansyon sible yo ka tonbe damou Pier 55 lan nan menm fason nou tout te rive renmen l lan. Nou pral bezwen retabli akò nou an ak Fidisi Pak Rivyè Hudson la (Hudson River Park Trust), ak Eta a ak ajans Federal la yo ki te ba nou pèmi yo, kontraktè nou yo, epi nou pral bezwen konnen pleyan pap retabli pwosè yo a ankò. Avèk tout sa, n ap byen kontan vanse pwojè a.”

***Deklarasyon Richard Emery, ki se Manm Fondatè ak Konseye pou City Club of New York:***

“Nan non plenyan City Club la yo, Tom Fox ak Rob Buchanan, finisman Pak Rivyè Hudson lan ak pwoteksyon Anbouchi a te toujou sa ki gen plis enpòtans pou kominote a nan pwendvi anviwonmantal, sivik ak prezèvasyon an. Angajman istorik Gouvènè Cuomo pran pou l fini Pak la epi pwoteje Anbouchi a se yon gran viktwa pou tout moun k ap itilize pak la yo ak pou tout Nouyòkè yo. Nan espri sa a, nou pap kontinye pwosè kont Pier 55 la ankò epi nou pral travay ak Gouvènè a pou nou reyalize plan vizyonè pou fini Pak Rivyè Hudson lan ak pou pwoteje Rivyè Hudson lan.”

***Deklarasyon Douglas Durst:***

“Objektif mwen te toujou finisman Pak la ak pwoteksyon Rivyè Hudson lan. Akò jodi a se yon gran pa nan direksyon sa a. Mwen aplodi Gouvènè a pou lidèchip li, vizyon l, ak akonplisman l nan rekonstriksyon Eta New York la ak angajman l pran anvè Pak Rivyè Hudson lan.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418